




BASA REBHAIBHERI




“Nokuti shoko raMhari ibenyu, rinesimba, rinopinza kukunda munondo unoceka kumativi maviri, rinobaya kuşikira panoparadzana mnyoyo nomneya, namafundo nomnyongo; rinotonga mifungo nendangariro dzomnyoyo.” (VaHebhuru 4:12)

Bhaibheri ndiro bhuku rinotengwa zvikuru pasi rose, kupfuura bhuku riri pachinhanho chechipiri kashanu. Asi izvi zvakanga zvisiri izvo nguva dzose dzapfuura.

Paiva nenguva apo kuva neBhaibheri, kuriverenga, kana kuti kunyange kutaura nezvaro kwaigona kuva chikonzero chokuiswa mujeri, kutambudzwa, uye kunyange rufu.



Kudai yakanga isiri dziviro yaMwari, Bhaibheri ringadai rakanyangarika kare kare. Sei? Chii chakakosha pamusoro pebhuku iri chinoita kuti rive rinodiwa uye kuvengwa zvakadaro?




- Muvengi weBhaibheri
- Nzira dzakarurama uye dzisina kururama dzokuverenga Bhaibheri
- Bhaibheri chii?
- Zvakanakira kuverenga Bhaibheri
- Shamwari dzeBhaibheri

MUVENGI WEBHAIBHERI

“Torai [...] munondo woMjeya, iro Shoko raMjari.” (VaEfeso 6:17)

Funga nezvinokwaniswa kuitwa neshoko raMwari raanenge *ataura*: kusika uye kupa hupenyu (Mapisarema 33:6), kana kuti kumutsa vakafa. (Johani 5:28-29).

Chinyi icho Bhaibheri, shoko raMwari *rakanyorwa*, rinokwanisa kuita? Rine simba rekutidzivirira (VaEfe. 6:17b) nekutishandura (VaHeb. 4:12). Jesu akashandisa Bhaibheri kuzvidzivirira pamuedzo (Mat. 4:4, 7, 10).




Satani anoziva kuti haana simba rokupikisa simba reBhaibheri. Naizvozvo, akaedza kuriparadza. Akakundikana, sezvo sosaiti dzeBhaibheri dzakavamba kuparadzira zviuru zvamaBhaibheri. Ipapo akaedza kurizvidza nokutsoropodza kwakakwirira. Iye zvino ava kuda kutitadzisa kuriverenga nokuita nguva yedu nezvimwe zvinhu

•
Ndomusiya akadarero here? Handikwanisi here kuwana imwe nguva mupurogiramumu yangu yokuverenga Bhaibheri? Kuriverenga kunotishandura uye kunoita kuti tive vakasimba pakurwisa muvengi wedu mukuru: dhiyabhorosi.



NZIRA **DZAKARURAMA** UYE **DZISINA KURURAMA** **DZOKUVERENGA BHAIBHERI**

“Shingaira kuti uziratidze pamberi paMwari uri munhu wakatendeka, mubati usingafaniri hake kunyadziswa, unonatsa kururamisa shoko razokwadi.” (2 Timotio 2:15)



Dzisina kururama

Kutsvaga chimwe chinhu chinoenderana nemaonero edu

Kusarudza zvinyorwa zvisina tsarukano, pasina chinangwa


Kusarudza zvikamu zvatinoda, uye ramba zvikamu zvatisingadi

Dzakarurama

Kutsvaka kudzidza kuda kwaMwari


Ita chidzidzo chakarongeka

Usarambe chero chinyorwa, asi ongorora zvose.



Kudzidza kwedu Bhaibheri kunofanira kuva nemusoro, asi pfungwa dzedu dzinofanira kuzviisa pasi pesimba raMweya Mutsvene kuti tive nekunzwisisa zvakanaka shoko rebhaibheri

Ngenyi? Nokuti kufunga kwedu kune pakunoguma uye hakuvimbiki nguva dzose. Ndicho chikonzero nei, pakudzidza Bhaibheri, tinofanira kutsvaka huchenjeri hwoMunyori waro




BHAIBHERI CHII?

Munharaunda yedu, uye kunyange pakati pemasangano echiKristu, pane kutenda kuti chokwadi chinoenderana, kuti hapana chokwadi chinoramba chiripo uye chisingashanduki nekufamba kwenguva.

Zvisinei, Bhaibheri—seshoko raMwari—rinoti rine **chokwadi chakakwana** (Mapisarema 119:160; Johani 17:17; Jakobho 1:18). Rinozviti **rakachena** uye **inhovo inodzivirira pazvinopesana** nohungwaru hwevanhu (Zvirevo 30:5). Kana tikawedzera chero “chokwadi” chedu pachedu kwairi, tinganzi tiri varevi venhema pamberi paMwari (Zvirevo 30:6).

Chokwadi chipi nechipi, chinofanira kuedzwa neBhaibheri. Kana pane kupesana pakati pezvatinoona sechokwadi nezvinotaurwa neBhaibheri, pane zvinhu zviviri zvinobvira: tingave takanganisa, kana kuti tiri kutsanangura Bhaibheri zvisiri izvo

“Dunganidzo yeshoko renyu izokwadi; Zose zamakatonga, zakarurama, zinogara nokusingaperi.”
(Mapisarema 119:160)



ZVAKANAKIRA KUVERENGA BHAIBHERI

“Shoko renyu ndakariviga mumoyo wangu,
Kuti ndirege kukutadzirai” (Mapisarema 119:11)

Chimwe chinhu chisingarambiki kunyange nevavengi chaivo veBhaibheri isimba raro rokushandura vanhu. Pauro anorienzanisa nebakatwa rine simba guru.



Rinoita kuti
tione zvatiri
chaizvo
(VaHeb. 4:12)



Rinotidzivirira
kubva kuchivi
(Mapisarema
119:11)



Chikafu
chemweya
(soul) wedu (Jer.
15:16)



Rinoita kuti
tikure pamweya
(1 Petro 2:2)




Rinotipa
hupenyu(Johani
6:63)

Hapana rimwe bhuku rinogona kutibatsira nekutishandura seBhaibheri. Kana isu tichida kuisa dzidziso dzaro muhupenyu hwedu, tinoshanduka kuita zvirinani.

Kana tikariverenga nemoyo wakazaruka uye tikakumbira Mwari kuvhenekera kwaMweya Mutsvene, hupenyu hwedu hunoshandurwa



"Saka isu vo tinoramba ticiwonga Mhari, kuti panguva yamakagamucira shoko, iro shoko raMhari, ramakanzwa kwatiri, hamuna-kurigamucira seshoko ravanhu, asi seshoko raMhari, rinobata vo mukati menyu, imi munotenda." (1 VaTesaromika 2:13)



Shamwari dzeBhaibheri dzinosvika kwariri dzichiziva kuti iShoko Benyu raMwari (1 VaTesaromika 2:13). Asi ndingasvika sei pakutenda ikoko?

Pauro anotiudza kuti, nokuda kwaizvozvi, tinoda nzwisiso yomweya, ndiko kuti, mano okunzwisisa zvinhu zvomweya (1 VaKorinte 2:14). Naizvozvo, kuziva shoko rehumwari riri muBhaibheri ibasa raMweya Mutsvene anoshanda matiri.

SHAMWARI DZEBHAIBHERI

Patinogamuchira Bhaibheri nenzira iyi...

Rinotiratidza mamiro ehukama hwedu naMwari

Rinotiudza kuti tingasimbisa sei ukama ihwohwo

Tiri kusangana neshanduko zvishoma nezvishoma

Tinoswedera pedyo naJesu

Rinotipa uucenjeri bgunoisa kukuponeswa

Tiri kukura mukuziva chokwadi

Kutenda kwedu kunokura nokusimbisa

Tine tariro

Tinoziva kuti upenyu huri nani, husingaperi, hunoshamisa hwakatimirira

“Bhaibheri rinofumura zvokwadi nokupfava uye kushandukira zvakakwana kuzvinodikanwa nezvishuvo zvomwoyo womunhu, izvo zvashamisa nokukwezva ndangariro dzakasakurirwa zvikurusa, nepo richigonesa vanozvininipisa kuti vaone nzira yoruponeso. Asi zvokwadi idzi dzakataurwa zviri nyore dzinobata nyaya dzakakwirira, dzinosvika kure, dzinopfura simba rokunzwisisa kwomunhu, zvokuti tinogona kuzvigamuchira bedzi nokuti Mwari akazvizivisa. [...] Kunyanya kunzvera Bhaibheri, kunobva kwawedzera kutenda kwake kuti ishoko raMwari mupenyu, uye pfungwa dzevanhu dzinokotama pamberi pehukuru hwezvakazarurwa zvehumwari.” - Non-Official translation by Gift Mawoyo

EGW (Steps to Christ, p. 107)